*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№57 (26030)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 3 апрель — хуымгæнæны мæйы 3 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 УЗÆЛД
*Ветераны бабæрæг кодтой*

3 ЮБИЛЕЙ
*Цардвæндаг равзаргæйæ*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Уæззау атлетикæ*

**Кад æмæ намысы аккаг**

## Лæгдзинады ордентæ – хъайтарты бинонтæн

**Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО Лæгдзинады ордентæ радта, батальон «Алани»-йы бархионтæй сæрмагонд æфсæддон операцийы чи фæмард, уыдоны бинонтæн.**



Сергей Меняйло фæмардуæвæг хæстонты бинонтæн тæфæрфæс ракодта æмæ загъта, бархионтæ хæстонты хицæн фæлтæр кæй сты, уымæн æмæ тохы быдырмæ ацыдысты барвæндонæй, сæхицæн хæсыл банымадтой дардæй кæсын нæ, фæлæ, сæ бон цæмæй у, уымæй Райгуырæн бæстæйæн зын сахат баххуыс кæнын.

– Хъыгзæрдæйæ уын тæфæрфæс кæнын. Сымах æцæг лæгты, хъæбатыр хæстонты схъомыл кодтат, уыдон нæ бæстæйы зын сахат æнцад бадын сæ сæрмæ не 'рхас-той, фæлæ фæтагъд кодтой Райгуырæн бæстæйæн æххуысмæ, бархийæ атындзыдтой тохы быдырмæ. Сæ цард нывондæн æрхастой нæ паддзахады сæрибардзинад æмæ хæдбардзинадæн. Кадимæ сæххæст кодтой сæ хæстон хæс. Сымах сæ сæрыстыр хъуамæ уат. Мах та æппæт мадзæлттæ дæр араздзыстæм, цæмæй сын сæ нæмттæ сæнусон кæнæм. Уымæн æмæ уыцы æхсарджын лæппутæ æцæг хъайтартæ сты, – загъта Сергей Меняйло.

Республикæйы Сæргълæууæг РЦИ-Аланийы фæллой æмæ социалон хъахъхъæнынады министр **Айдарты Алинæйæн** бахæс кодта, цæмæй уæлдай цæстдард уа, сæрмагонд æфсæддон операцимæ бархийæ чи ацыд, уыдоны бинонтæм.

Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путины Указмæ гæсгæ, сæ лæгдзинад æмæ æхсар равдисгæйæ, сæхиуыл нæ ауæрдгæйæ, знагимæ кæй хæцыдысты, уый фæдыл Лæгдзинады ордентæ сæ мæлæты фæстæ лæвæрд æрцыдысты батальон «Алани»-йы бархионтæ **Багаты Æхсарбеджы фырт Ацæмæзæн, Хъарадзауты Хъазбеджы фырт Георгийæн, Цхуырбаты Владимиры фырт Роллан-дæн**.

**БУТАТЫ Азæмæт**

**Регионалон къæпхæн**

## Хуыздæр муниципалон практикæ

**Æппæтуæрæсеон конкурс «Хуыздæр муниципалон практикæ»-йы регионалон къæпхæн саразыныл ныхас рауад, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы æмбырд скодта, уым.**

Куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй федералон конкурс конд цæуы муниципалон разамынд дæттыны хуыздæр æмæ фæзминагдæр фæлтæрддзинад рабæрæг кæныны охыл. Уый руаджы муниципалон скондтæ исынц фæрæзтæ, мæ. Ацы аз бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ сæ фæлтæрддзинад равдисдзысты фондз номинацийы.

«Горæттæаразæн политикæ, цæрджыты фæрныг фадæттæ, цæрæнуæттыкоммуналон хæдзарады рæзт», «Нымæцон технологитæ æмæ платформæ-

æргом хиуынаффæйады æндæр хуызтæм раздахын», «Нациты 'хсæн сабырдзинад æмæ разыдзинад фидар кæнын, национ политикæйы æндæр мадзæлттæ æххæст кæнын» – æппæт ацы фæлварæнтæ хъæуы раттын æнтыстджынæй.

Æмбырдæй хатдзæгтæ кæнгæйæ, Дзанайты Барис бынæттон хиуынаффæйады оргæнты разамонджытæн бахæс кодта цæрæн-



уайтагъд дзы алыг кæнынц риссагдæр фарстатæ, сæ рæзтыл фæбæрæг вæййы.

Конкурсы регионалон къæпхæн конд æрцæудзæн дыууæ категорийæ: горæтаг цæрæнбынæттæ æмæ хъæуккаг цæрæнбынæттæ. Куырдиæттæ исынц 25 июнты уынаффæтæ горæтаг хæдзарады рацарæзты», «Муниципалон экономикон политикæ æмæ муниципалон финанстæн разамынд дæттын», «Муниципалон сконды цæрджытимæ ахадгæ бастдзинад, фæзуатон хиуынаффæйады рæзт æмæ граждæнты бынæтты хицæутты æргом конкурсмæ аздахын, цæмæй дзы бацархайой ууыл бакусын. Конкурсы чи архайдзæн, уыдонæн алывæрсыг æххуыс уыдзæн уæлдæр хицауадæй.

**БУТАТЫ Эльзæ**

**Закъонæвæрынад**

## Хæдтулгæскъæрджытæн зонинаг

**Ацы азы 1 апрелæй фæстæмæ «Фæндагыл цыды æдасдзинады тыххæй» федералон закъоны 25 æмæ 26 статьятæм ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» 2023 азы 10 июлы фидаргонд № 313-ФЗ федералон закъон йæ тыхы кæй бацыд, паддзахадон автоинспекци уый тыххæй хабар хъусын кæны.**




Федералон закъон фæсарæйнаг хæдтулгæскъæрæджы æвдисæндары быныдурыл транспортон фæрæзтæ скъæрынимæ баст гæрæнтæ фидар кæны, уæрæсейаг национ хæдтулгæскъæрæджы æвдисæндар дæттыны фæтк ивы, стæй автобустæ æмæ иугонд транспортон фæрæзтæ скъæрынæн бардæттæг фарстатæ бæлвырд кæны.

Фæлварæнтæ дæттынмæ бауадзыны фæтк ивы. Ноздджынæй транспортон фæрæз скъæрыны тыххæй административон бæрнондзинад кæмæй бадомдтой, фæиппæрд кæныны æмгъуыды фæуды фæстæ хæдтулгæскъæрæджы æвдисæндар фæстæмæ радтыны æууæл чи нæ баххæст кодта æмæ транспортон фæрæз скъæрыны барæй кæй фæиппæрд кодтой, ахæм адæймæгты нæ бауадздзысты фæлварæнтæм.

Ахуырадон куыст, стæй æмбæлгæ къордтæ æмæ дæлкъордты транспортон фæрæзты скъæрджыты профессион ахуырады быныдурон программæтæ чи æххæст кæны, уыцы-иу рæстæг ахæм кусæндæтты ахуырадон-материалон быныдуры аккагдзинады тыххæй хатдзæгтæ дæттыны фæткмæ уæлæмхасæнтæ бахастой.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады паддзахадон автоинспекцийы пресс-службæ**

**Ахуырад**

## Иумæ дæттæм фæлварæнтæ!

**Дзæуджыхъæуы 26-æм астæуккаг скъолайы ацыд æппæтуæрæсеон акци «Иумæйаг паддзахадон фæлварæн раттыны бон ныййарджытæн». Æцæг фæлварæны куыд вæййы, афтæ ам дæр нæ уыд пайда кæнæн шпаргалкæтæй, ныхас æмæ рацу-бацу кæнæн. Уыцы уагæвæрдтæ чи фехала, уый фæлварæнæй æрвыст æрцæудзæн.**

Акцийы нысан уыд ныййарджытæ æмæ рауагъдонтæн баххуыс кæнын, фæлварæнтæ æнæ уæлдай зæрдæрыстæй раттынæн, æхсæнад бæлвырддæр базонгæ кæнын фæлварæнтæ дæттыны уагæвæрдтимæ. Ныййарджытæ сæ бынæттæ баивтой рауагъдонтимæ æмæ радтой фæлварæн историйæ. Æрмæст фæлварæн цыд иу сахат, æртæ нæ, фæлæ. Лæвæрдтой йæ ацы азы рауагъдонты ныййарджытæ. Уый сын хорз фæрæз уыд, сæ сывæллæттæ фæлварæнты рæстæг сæхи куыд фенкъарынц, уый базонынæн.

Иумæйаг паддзахадон фæлварæнмæ цæттæ кæныны хъуыддаджы ахсджиаг сты канд зонындзинæдтæ нæ, фæлæ, фæлварæнмæ скъоладзаутæ цавæр зæрдæйы ахастимæ æрбацæудзысты, уый дæр. Хъуамæ сæхиуыл, сæ хъарутыл æууæндой. Уый психологон æгъдауæй хъæугæ мадзал у. Ацы ран сын бинонтæ æмæ ныййарджыты æххуыс æнæмæнг фæпайда уыдзæн. Уымæ гæсгæ Уæрæсейы Рухсады министрад æрхъуыды кодта æмæ расидтис ацы акци, цæмæй ныййарджытæ архайой цæттæгæнæн фæлварæнты æмæ сын сæ уагæвæрдтæ сæхæдæг бæстондæр сæ сывæллæттæн бамбарын кæной.

Фæлварæн раттынмæ 26-æм скъоламæ æрбацыдысты 47-æм скъолайы, гимнази «Диалог», физиконматематикон лицей æмæ æндæр кусæндæтты ахуыргæнджытæ, стæй иннæ специалисттæ, Дзæуджыхъæуы администраци æмæ республикæйы Парламенты минæвæрттæ. Йæ зонындзинæдтæ сбæрæг кæнынмæ æрбацыд Дзæуджыхъæуы муниципалон сконды сæргълæууæг **Александр Пациорин** дæр. Йæ ныхасмæ гæсгæ, хæслæвæрдтæ æнцон нæ уыдысты.

Фæлварæны фæстæ РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** ныййарджытимæ сарæзта пресс-конференци. Архайдтой ма дзы Дзæуджыхъæуы администрацийы ахуырады управленийы сæргълæууæг **Батырты Аслан** æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ.




Министр бæстон дзуапптæ радта ныййарджыты фарстытæн. Фарстытæ уыдысты алыхуызон. Сæ фылдæр - Иумæйаг паддзахадон фæлварæнтæм цæттæгæнæн центрты тыххæй æмæ ныййарджыты ахастдзинад фæлварæнты процессмæ, цавæр ногдзинæдтæ дзы фæзындзæн ацы аз æмæ афтæ дарддæр.

Фыццаг паддзахадон фæлварæнтæ ацæудзысты майы. Ацы аз сæ куырдиæттæ балæвæрдтой æртæ мин ахуырдзауæй фылдæр. Уый тыххæй республикæйы бацæттæ кодтой 17 пункты, техникон æгъдауæй дзы алцыдæр ис.

**ГÆБУАТЫ Галинæ**




**Кусæг æмбырд**

## Нысантæ – Хицауады Сæрдары хæдивджытæн

**Министртæ цавæр ахсджиаг æмæ вазыгджын фарстатыл кусдзысты, ууыл ныхас рауад, Хицауады Сæрдар Дзанайты Барис цы æмбырд скодта, уым. Сæйрагдæр – национ проекттæ æмæ паддзахадон программæты руаджы объектты быныдурон цалцæгæн æмæ ног арæзтæдтæн бадзырдтæ бафыссыны хъуыддаг.**

**Паддзахадон нысаниуæджы æлхæнинæгтæ кæныны управленийы разамонæг Лæгкуты Омар фæбæрæг кодта уавæры нывылдзинад, Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæг Æгъуызарты Мураты раз сæвæрдтой хæххон цæрæнбынæттæм цæуæг æхсæнадон транспорты уавæр сбæрæг кæныны хæс. Уымæй уæлдай, хъуамæ цæст фæдара, фарон республикæйы цы кемпингтæ æмæ глэмпингтæ аразын райдыдтой, уыдоны уавæрмæ.**

**Хицауады Сæрдары хæдивæг Атарты Георги та райста æппæт социалон объектты дæр зынгсирвæзты ныхмæ мадзæлттæ сфидар кæныны хæс.**

**Нæ уацхæссæг**

### Дзырды фарн

*Амонд махæй хъулæй хъазы, –*
*у мæнгард æмæ фæлывд.*

*ÆГЪУЫЗАРТЫ Иуане*

Узæлд

# Ветераны бабæрæг кодтой

**Æрæджы нæ республикæйы Мидхъуыддæгты министрады паддзахадон автоинспекцийы хицау МОУРАУТЫ Таймураз, стæй Ветеранты советы минæвæрттæ БЕСАТЫ Аслæнбег æмæ ХАДАТЫ Агуыбе хæдзары бабæрæг кодтой автоинспекцийы хицауы раздæры фыццаг хæдивæг, къорд азы дæргъы Ветеранты советы сæрдарæй бакусæг, милицæйы отставкæйы булкъон ХЕТÆГКАТЫ Никъалайы.**

Нæ республикæйы Мидхъуыддæгты министрады Ветеранты советы фæндонæй Хетæджы-фырты схорзæхджын кодтой бæстæйы Мидхъуыддæгты министрады Цæгат Кавказы федералон зылды сæйраг управленийы Æхсæнадон советы майданæй.



Уазджытæ, мидхъуыддæгты оргæнты 86-аздзыд ветеранæн зæрдиаг арфæтæ йын ракæнгæйæ, лæвæрттæ радтой.

Хетæгкаты Никъала хæдзармæ йæм æрбацæуæг адæмæн узæлды тыххæй бузныг загъта. Никъала паддзахадон автоинспекцийы баслужбæ кодта 1960 азæй 1996 азы онг, цалдæр азы дæргъы ахста автоинспекцийы регистрацион-фæлварæн хайады хицауы бынат.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады паддзахадон автоинспекцийы пресс-службæ**

Ныхас

# Фыдбылызты нымæц фæкъаддæр кæнынæн

**Алагиры районы администрацийы сæргълæууæджы хæдивæг ХАЦЪÆТЫ Алан кæй амыдта, уыцы æмбырды архайджытæ – районы мидхъуыддæгты хайады автоинспекцийы пропагандæйы инспектор, пъæлицæйы хистæр лейтенант БИГЪУЫЛАТЫ Маринæ, районы мидхъуыддæгты хайады æхсæнадон советы уæнг ХАНАЙТЫ Таймураз æмæ æндæртæ – æрныхас кодтой фæндагон-транспортон бæллæхты нымæц фæкъаддæр кæныны фæдыл фарстатыл æмæ, фыдбылызты æрцыдæй тæссагдæр кæм у, районы ахæм фæндæгты уавæрыл.**

Æмбырды архайджытæ сæйраг æргом аздæхтой горæты фæндæгтыл транспорты æдас цæуынæн фадæттæ саразыны фарстатæм (адоны æхсæн сты фистæг бæлццæттæн фæндаджы сæрты бацæуæнты арæзтады, фæндагыл цæуыны нысантæ æвæрыны, стæй ахуыргæнæндæттæм æввахс рæтты фæндæгтыл æдасæй цæуынæн фадæттæ аразыны фарстатæ). Бигъуылаты Маринæ æмбырды архайджытæн районы æрцæуæг фæндагон-транспортон бæллæхты тыххæй хабæрттæ фехъусын кодта. Пъæлицæйы афицеры ныхасмæ гæсгæ, амынд фыдбылызты нымæц цæмæй фæкъаддæр уа, уый тыххæй сывæллæттæ æмæ сæ ныййарджытимæ æмбарынгæнæн куыст фæпарахат кæнын æмбæлы.



Фæндагон-транспортон бæллæхты нымæц фæкъаддæр кæнынæн ахъаз чи кæндзæн, æмбырды архайджытæ ахæм уынаффæтæ рахастой.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Мидхъуыддæгты министрады Алагиры районы хайады инспектор**

Аппаратон æмбырд

# Ног транспортон фæрæзтæ, зынгсирвæзтытимæ тох, хъармдæттæн афоны кæрон

**Æрвылкъуырион аппаратон æмбырд байгом кæнгæйæ, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО бахæс кодта, нæ республикæйы фæзуаты цы транзитон транспорт лæууы, уымæн сæрфат (æгъдау) скæнын. Профилон структурæтæн бамбарын кодта, транспортон фæрæзтæ æрмæстдæр, сæрмагонд æрлæууæнты куыд лæууой, уый.**

– Ис электронон рад, æрлæууæнты цас транспорт бацæудзæн, уый бæрц бæрæг у. Уыцы æрлæууæнтæ куы байдзаг уой, уæд республикæйы арæнтæй мидæмæ транспорт мауал уадзут. Æрмæстдæр дзы ног уæгъд бынæттæ куы фæзына, уæд уагъд цæуæнт, – фæбæрæг кодта Сергей Меняйло.

Аппаратон æмбырды цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министр **Таматы Майрæн** муниципалон скондты сæргълæуджытæн бахæс кодта, хъарм рæстæг кæй хæссы, уымæ гæсгæ 10 апрелмæ хъармдæттæн афон сæхгæнын. Фæлæ республикæйы Сæргълæууæг æмбырды архайджыты зæрдыл æрлæууын кодта, районты разамонджытæ ахæм уынаффæ температурæмæ гæсгæ хъуамæ сæхæдæг хæссой.

– Уæ цæст дарут температурæмæ, хынцут æй æмæ ма æруадзут хъармдæттæг энергийы дзæгъæл хæрдзтæ. Фæлæ сæйрагдæр – цæрæнуæтты, рæвдауæндæттæ æмæ скъолаты, рынчындæтты æмæ иннæ социалон уагдæтты хъарм хъуамæ уа нормæмæ гæсгæ, – бахæс кодта районты разамонджытæн Сергей Меняйло.

Уымæй уæлдай ма РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг профилон министрад æмæ фæрæзтæдæттæг организацитæн бафæдзæхста, ацы азы хъармгæнæн афоны рæдыдтытæ бахынцын æмæ сæ, фидæны афонмæ цæттæгæнгæйæ, мауал æруадзын. Уыимæ, скъолатæ æмæ дзæбæхгæнæн уагдæтты балансыл цы агуаттæ, хъармгæнæн трассæтæ æмæ газы хæтæлтæ ис, уыдон хъуамæ райсой сæхи бæрнмæ.

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæг **Æгъуызарты Мурат** фехъусын кодта, æхсæнадон транспортон фæрæзтæ фæногдæр кæныны фæлгæты республикæ ныридæгæн кæй райста 213 автобусы. Хæстæгдæр рæстæджы ма регионмæ æрбацæудзæн ноджыдæр 57 транспортон иуæджы, Дзæуджыхъæу та ма къазнайы æфстауы руаджы райсдзæн 12 автобусы.

– Сæйрагдæр – транспорт хъуамæ регистрацигонд æрцæуа æмæ хыгъды лæууа. Æмæ уын æнхъæлмæ кæсын уæ разæвæрæнтæм автобустæ маршруттæм рацæуыны тыххæй, – фæбæрæг кодта Сергей Меняйло.

Боны фæткы ма иу вазыгджын фарста – регионы зынгсирвæзтыты рæстæг кæй ралæууыд, уый.

– Улæфты бонты нæ зынгхуыссынгæнджытæ къорд зынгсирвæзты ныххуыссын кодтой – сыгъдысты зæронд кæрдæг, фæсал æмæ афтæ дарддæр. Уымæ гæсгæ, Æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министрадæй «Росприроднадзор»-æй, Æнæнхъæлæджы уавæрты министрад æмæ районты сæргълæуджытæй курын, цæттæ ут иудадзыг зынгсирвæзты ныхмæ фæлæууынмæ, профилактикон куыст кæнут адæмимæ, – ахæм хæс сæвæрдта Сергей Меняйло.

Аппаратон æмбырды ма республикæйы Сæргълæууæг бафæдзæхста, Уæрæсейы Арæзтадон министрадмæ зæйтæ æмæ лæбырдтытæ рацæуынæй тæссаг рæтты цæрæг адæмы æдас ранмæ ракæнынæн цы гæххæттытæ хъæуы, уыдон тагъддæр сцæттæ кæнын, ацы аз хъуамæ арæзт чи 'рцæуа, уыдонæн пълан-график саразын арæзтадон фæзтæм рацæуынмæ, стæй районты Бинонты бирæфадатджын центртæ байгом кæнынbackwards бацархайын. Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Энергетикæ

# Фаронæй – фылдæр



**Ацы азы февралы, фароны уыцы мæйимæ абаргæйæ, компани «Россети Цæгат Кавказ»-ы филиал «Цæгкавказэнерго» хардзгонд электрон тыхы тыххæй фиддонтæ æрæмбырд кодта 27,6 милуан сомы (ома, 5,5 проценты) фылдæр. Ныхас ацы азы дыууæ мæйы дæргъы энергокомпанийы куысты бæрæггæнæнтыл кæм цыд, амынд хабар фехъусын кодтой балансон къамисы ахæм æмбырды архайджытæ.**

Республикæйы промышленнон æмæ æнæпромышленнон фæлхасгæнджытæ, хъæууонхæдзарадон куыстуæттæ, цæрджытæ, стæй цæрæнуатон-коммуналон къабазы кусæндæттæ æхца фидынц фаронæй хуыздæр. Уыимæ, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады куыстуæттæ фиддонты 61,2 проценты (ома, фароны уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, 27,1 проценты фылдæр) бæрц къæпхæнимæ раздæрау нымад сты «Цæгкавказэнерго»-йы фæлхасгæнджыты æппæтæй дзырддагдæр къордтыл. Ацы азы 1 мартъимæ æппæтæй стырдæр хæстæ бамбырд сты «Владикавказские тепловые сети»-мæ (601 милуан сомы), «Республиканское предприятие водоснабжения и водоотведения» (218,2 милуан сомы), «Владсток» (133 милуан сомы) æмæ «Владикавказские водопроводные сети»-мæ (137 милуан сомы).

«Цæгкавказэнерго»-йы районты структурон дæлхайæдты æхсæн æппæтæй хуыздæр куыстадон бæрæггæнæнтæ равдыста Æрæфы районы электрон тыхуæйгæнæг хайад (фиддонты къæпхæн – 107,5 проценты).

– Электрон тых уæйгæнæг куыстуаты специалисттæ æмæ республикæйы хицаудзинады оргæнтæ кæй æххæст кæнынц, уыцы сæрмагонд куыстадон мадзæлтты æмæ хæрзхъæд æмбарынгæнæн куысты фæрцы фæлхасгæнджыты фиддонты къæпхæн фæуæлдæр кæнын бантыст, – зæгъы филиал «Цæгкавказэнерго»-йы директоры хæдивæг – хайад «Энергосбыт»-ы директор **Артур Хурсинов**.

**«Россети Цæгат Кавказ»-ы пресс-службæ**

Æркæсинаг фарста

# Нæ фæндæгты уавæр æмæ сыл цæуыны фæтк

**Адæмы царды уавæртæ фæхуыздæр кæныныл, суанг ма сæ цард æмæ се 'нæниздзинад бахъахъхъæныныл ныхас куы цæуа, уæд стыр ахадындзинад ис, нæ республикæйы æмæ горæты фæндæгтæ цы уавæры сты, цавæр транспорт сыл цæуы æмæ, фæндæгтыл цæуыны фæткмæ цы цæстæй каст цæуы, æппæт уыцы хъуыддæгтæн.**

Уыцы нысанимæ Цæгат Ирыстоны цы проекттæ æххæстгонд цæуынц, уыдонæй иу у «Æдас æмæ хæрзхъæд фæндæгтæ», зæгъгæ, ацы национ проект. Йæ фæлгæты фæстаг рæстæг нæ республикæйы рацарæзтой бирæ фæндæгтæ æмæ фæндæгты хæйттæ. Зæгъæм, 2022 азы нæм цалцæггонд æрцыд фæндæгты 22 хайы (куыстыты аргъ уыд 1,2 миллиард сомæй фылдæр), 2023 азы та – фæндæгты 25 хайы (куыстыты аргъ – 576,6 милуан сомы бæрц). Раст зæгъын хъæуы, арæзт бирæ цæуы, фæлæ уæддæр уый фаг нæу, уымæн æмæ, ГОСТ æмæ æдасдзинады домæнтæн дзуапп чи дæтты, ахæм фæндæгты процент нæм 2023 азы кæронмæ уыд 74, уæлдæр амынд национ проектмæ гæсгæ та хъуамæ уыдаид 81. Уæдæ ацы азы кæронмæ уыцы процент хъуамæ уа 85. Уыдон сты официалон бæрæггæнæнтæ. Нырыккон аив æмæ æдас фæндæгтæ нæм цæмæй фылдæр уа æмæ амынд процент (85) къухы бафта, уый тыххæй, цалцæггæнæн куыстытæ æххæстгæнæг организацитимæ фыст цы бадзырд æрцæуы, уым комкоммæ æмæ ноджы бæлвырддæр бацамонинаг сты куыстыты æмгъуыд, сæ хæрзхъæддзинады домæнтæ æмæ бадзырдты уагæвæрдтæ фæхалыны тыххæй ивартæ. Цæвиттонæн æрхæссæн ис Мæскуыйаг уынджы хай – Цоколайы-фырты уынгæй Æрхонкæйы зиллачы онг цалцæггæнæн куыстытæ саразыны фæдыл контракт – ацы ран зæрдæдаргæ куыстытæ сæххæст кæныныл подрядчик не сразы. Хъæбатырты фæзы та цы цалцæггæнæн куыстытæ цыд, уым хæлд æрцыдысты, контракты амынд чи уыд, куыстыты уыцы æмгъуыдтæ.

Æргом аздахын хъæуы, цавæр арæзтадон æрмæгæй æрцæуынц æмбæрзт фæндæгтæ, уыцы фарстамæ дæр. Зæгъæм, фæндаг Æрыдон-Дигора æмæ Дзæуджыхъæуы К.Марксы уынджы хай цалцæггонд æрцыдысты дæс азы размæ, æмæ абон дæр сæ уавæрмæ зæрдæ не 'хсайы, уымæн æмæ сыл цъар æвæргæйæ пайдагонд цыд минералон æфтауæнтæй. Уыцы æфтауæнтæ Цæгат Ирыстон уадзы йæхæдæг, фæлæ дзы цæмæдæр гæсгæ пайдагонд уыйбæрц нæ цæуы. Уый хыгъд дзы хорз пайда кæны сыхаг республикæ – Кæсæг-Балхъармæ дзы ласынц дзæвгар бæрцытæй.





Уымæй уæлдай, ногарæзт фæндæгты фæрцы нæм хъуамæ зынгæ фæкъаддæр уыдаид фæндагон-транспортон бæллæхты нымæц. Уый уыд национ проект «Æдас æмæ хæрзхъæд фæндæгты» нысантæй иу. Фæлæ, хъыгагæн, уыцы хъуыддаг къухы нæма бафтыд. Фæндагон бæллæхты чи фæмард, уыцы нымæц ивгъуыд азы фараст мæймæ сыръзыд 57 проценты, чи дзы фæцæф, уыдоны нымæц та сыръзыд 62,4 проценты, уымæй размæйы азимæ абаргæйæ. Адон сты Фæндæгтыл æдасæй цæуыны паддзахадон инспекцийы бæрæггæнæнтæ. Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады бæрæггæнæнтæм гæсгæ та, чи фæмард, уыдон сты дыууæ хатты фылдæр.

Иу дзырдæй, афтæ: фæндæгтæ ног кæнынц æмæ сæ хуыз ивынц, машинæтæн æрлæууæн бынæттæ аразынц, бæлццæттæ ласыны транспорт ногтæй ивд цæуы. Фæлæ уæддæр хъуыддаг нывыл нæма у, домы фылдæр архайд. Иумæйаг æмæ ноджы фылдæр мадзæлттæ арæзт куы нæ æрцæуа, уæд уавæр фæндæгтыл нæ фæхуыздæр уыдзæн. Уымæн ис бирæ аххосæгтæ. Сæ сæйраг аххосаг – машинæты нымæц иудадзыгдæр фылдæр кæй кæны, уый.

Иннæ сагъæссаг хъуыддаг – ныгуылæйнаг бæстæты сæрзилæдджын политикæйы аххосæй нæ паддзахад гæрæнты бын фæци, æмæ нæм фæсарæйнаг машинæтæ цы компанитæ æмбырд кодтой, уыдон Уæрæсейæ ацыдысты. Транспорты нымæц бонæй-бонмæ фылдæр кæны, æдасдзинады нырыккондæр системæтæ кæм нæй, ахæм машинæты фæрцы. Уый аххосæй, фæндагон фыдбылызы бахаугæйæ, чи фæмард кæнæ чи фæцæф, уыдоны нымæц дæр кæны фылдæр.

Дарддæр: машинæтæ сбирæ сты, фæлæ уынгтæ, фæндæгтæ, уæлдайдæр, зæронд горæт кæй хонæм, уыдон баззадысты, дæсгай азты размæ куыд уыдысты, афтæ, æмæ сыл машинæтæй ацæуæн нал ис. Уыдон фаг нæ уыдысты, æмæ, æппынфæстаг, нæ горæты уынгты сбирæ сты электросамокаттæ æмæ æндæр ахæм нырыккон электрон хæдтулгæтæ.

Æппæт уыдæттæ дзурæг сты, фæндæгтыл цæуыны уавæр, стæй æхсæнадон транспорты куыст баныввыл кæнынæн ахъазгæнæг бæлвырд æмæ иумæйаг мадзæлттæ кæй домынц, ууыл. Уыцы хъуыддаджы хорз уаид иннæ регионты фæлтæрддзинадмæ æркæсын, сфидар кæнын – фæндæгтыл цæуынæн уагдæттæг автоматизацигонд системæ. Æппынфæстаг, архайын хъæуы, фистæгæй чи цæуы, машинæ чи скъæры, фæндæгтыл цæуыны æппæт уыцы архайджыты культурæ бæрзонд кæныныл.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

Цæстдард

# Соцъийы мыггæгтæ

**Æрæджы «Россельхознадзор»-ы Цæгат Кавказы регионты иумæйаг управлени Цæгат Ирыстонæй Германмæ хихджын бæлас соцъийы 2,3 тоннæйы мыггæгтæ арвитыны фæдыл фитосанитарон сертификат сарæзта.**

Амынд управленийы специалисттæ мыггæгты хай барвыстой федералон паддзахадон бюджетон кусæндон «Центр оценки качества зерна»-мæ. Мыггæгтæ Европæйаг цæдисы бæстæты домæнты аккаг сты æви нæ, лабораторийы специалисттæ уый сбæлвырд кодтой. Уымæй уæлдай, знаггадхæссæг сасктæ мыггæгты мидæг ис æви нæй, лабораторийы кусджытæ уый дæр раиртæстой.

Нæ республикæ Германмæ соцъийы мыггæгтæ амæй размæ дæр æрвыста. Зæгъæм, 2020 азы Цæгат Ирыстонæй амынд фæсарæйнаг бæстæмæ афтыд хихджын бæлæсты 200 килограммы, 2021 азы та – 2,52 тоннæйы мыггæгтæ.



**«Россельхознадзор»-ы Цæгат Кавказы регионты иумæйаг управленийы пресс-службæ**

Хъомылад

# Хистæрты ныстуантæ – кæстæртæн

**Дзæуджыхъæуы 5-æм бирæкъабазджын училищæйы цы æмбырд уыд, уым æрныхас кодтой бинонты 'хсæн ахастдзинæдтæ æмæ чызджыты хъомылады ахсджиаг фарстатыл.**



Йæ хъуыдытæ æрыгон чызджытæн загъта психологон центр «Мæ бинонтæ»-йы педагог **Цырыхаты Еленæ**. Уый бирæ азты размæ йе 'мкъаимæ ссыд Украинæйæ ардæм æмæ куыд уыны, афтæмæй кавказаг чызджытæ хицæн кæнынц се 'гъдау æмæ уæздандзинадæй, разы у, фыдæлты æгъдæуттыл кæй хæцынц, уымæй.

Цæгат-ныгуылæйнаг районы мидхъуыддæгты оргæнты кусæг **Рæмонты Аленæ** ноджы дæр ма иу хатт радзырдта, бæстæйы цы æхсæнадон-политикон уавæр сæвзæрд, уый тыххæй.

Фыдæлты традицитæ æмæ æгъдæуттыл æнцайгæйæ, цæрын кæй хъæуы, ууыл уыд сæ иумæйаг ныхас «Иры Стыр Ныхас»-ы Сылгоймæгты комитеты минæвæрттæ **Махъоты Иринæ, Мысыкаты Беллæ** æмæ **Дзуццаты-Сохиты Оксанæйæн** студенткæтимæ.

Махъоты Иринæ фæсидт канд чызджытæм нæ, фæлæ ма фембæлды уæвæг мадæлтæм.

«Мах стыр æргом здахæм чызджыты хъомыладмæ, куыд уæ хистæртæ, афтæ нæ сæйраг хæс у сымах раст фæндагыл æвæрын, цæмæй уат уæздан æмæ æфсармджын. Уый у нæ комитеты куысты вазыгджындæр фарстатæй иу», – загъта Махъоты Иринæ.

Дзуццаты-Сохиты Оксанæ у бирæсывæллонджын мад, хъомыл кæны авд кæстæры. Хи фæлтæрдзинадæй спайда кæнгæйæ, фæсидт, цæмæй ныййарджытæ бæрæг кæной, фæсивæд сæ уæгъд рæстæгæй куыд пайда кæнынц, куыд æрвитынц сæ улæфты рæстæг, уыимæ сын амоной нæ адæмы удварны хæзнатæ.

Сæ хъуыдытæ загътой училищæйы педагогтæ дæр. Хъомыладон куыстыл дзуапдæттæг **Гæдзауты-Хетæгкаты Наталья** йæ хæстæм бæрнон цæстæй кæсы. Фембæлды архайджытæ дзы фæбузныг сты, ахæм пайдайаг фембæлд кæй сарæзта, уымæй. Дыууæ фæлтæры 'хсæн ныхас уыд æууæнкджын æмæ цæстуарзон. Æрыгон чызджытæ дæр радзырдтой, цы сæ тыхсын кæны, райстой сæ фарстытæн бæлвырд дзуаппытæ.

**МАМИАТЫ Лолитæ**

# «Рæзты тæлм» байгом кæндзысты

**Дæргъæвсы скъолайы ахуыр кæнынц æрмæстдæр дыууадæс сывæллоны. Нæ республикæйы иннæ цæрæн бынæтты куыд у, афтæ дæргъæвсаг скъоладзаутæн дæр хъуамæ уа ахуырад æмæ сфæлдыстады къабæзты æнцонæй архайыны фадат. Ацы аз дæргъæвсаг фæсивæдæн бынæттон скъолайы байгом кæндзысты «Рæзты тæлм».**



Ахуырадон центрмæ 'рбацæуæг фæсивæды ахуыр кæндзысты роботтæ æмæ æнæпилот тæхæн аппараттæй пайда кæнынил, адæймагæн фыццаградон медицинон æххуыс раттынил, 3D-моделтæ аразын æмæ мультипликацион кинонывтæн нывтæ кæнынил. Ног ахуырадон центры фæрцы дæргъæвсаг лæппутæ æмæ чызджытæн уыдзæн хи проекттыл бакусыны, стæй регионалон æмæ федералон конкурстæм сæхи бацæттæ кæныны фадат.

Сывæллæттæ æппæтвæрсыг уагæй цæмæй рæзой, уымæн арæзт цæуынц удæнцой уавæртæ.

**Фиппаинаг:** национ проект «Ахуырад»-ы фæрцы ацы аз республикæйы скъолаты байгом кæнынмæ хъавынц ноджыдæр ма æртындæс «Рæзты тæлм»-ы. Нæ республикæйы дарддæры райрæзтмæ аккаг æвæрæн чи бахæсдзæн, ахуырадон центрты фæрцы нæм ахæм инженерты, биологтæ, химиктæ æмæ IT-специалистты ног фæлтæр кæй фæзындзæн, ууыл зæрдæ дарæн ис.

**«ИрИнформ»**

# Скъоладзаутимæ фембæлд



**Наркотикты ныхмæ арæзт æппæтуæрæсеон акци «Сообщи, где торгуют смертью!» æххæст кæныны фæткмæ гæсгæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады æнахъомты хъуыддæгты дæлхайады инспектор, пъæлицæйы кæстæр лейтенант Бекуызарты Мæдинæйæн уыд хъуыддаджы фембæлд Мызуры скъолайы 6-æм къласы ахуырдзаутимæ.**

**Наркотиктæ æмæ психотропон буаргъæдтæй пайда кæныны æууæл адæймаджы зондахастыл æвзæрæрдæм кæй фæбæрæг вæййынц, уый тыххæй хабæрттæ ахуырдзаутæн радзургæйæ, барадхъахъхъæнæг сылгоймаг скъоладзаутæн бафæдзæхста знаггадхæссæг буаргъæдтыл ма сахуыр уæвын æмæ æвзæр миниуджытæй хи хъахъхъæнын.**

**Фембæлды рæстæг пъæлицæйы афицер ахуырдзауты æппæт фарстытæн бæлвырд дзуаппытæ радта.**

*ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,*
*Мидхъуыддæгты министрады*
*Алагиры районы хайады инспектор*

Дзасохты Алыксандрыл сæххæст 90 азы

# Цардвæндаг равзаргæйæ

**Цардвæндаг равзаргæйæ йыл алы адæймаг дæр уæндонæй фæцæуы, фæархайы, цæмæй йæ йæ ракæндтæй, йæ хъуыддæгтæй базоной, фæтырны уæлдæр нысантæм. Афтæ рауад ДЗАСОХТЫ Сергейы фырт Алыксандры цардвæндаг дæр. Райгуырд 1934 азы Дзæуджыхъæуы, æфсæнвæндаджы кусджыты бинонты 'хсæн. Скъола каст фæцис 1952 азы Алагиры, фæстæдæр, 1957 азы, Хæххон-металлургон институты райста хæххон инженер-геолоджы дæсныйад.**



Фæлæ йæ дæсныйадæй уæлдай тынг æмхиц уыд æхсæнадон архайдмæ дæр. Уыцы аз ссис Фæскомцæдисы Дзæуджыхъæуы комитеты фыццаг секретарь. Афтæмæй йæ йæ фæндаг рахуыдта Мæскуымæ, ссис ФÆЛКЦ-йы Центрон комитеты кусæг. 1963-1964-азты уыд командировкæйы Кубæйы, йе 'мбæлттимæ сын æххуыс кодта политикон фарстатæ лыг кæнынмæ. Йæ куыст, йæ архайд уыдысты æнтыстджын, бирæвæрсыг, 1967 азы ссис Ази æмæ Африкæйы бæстæты æмзæрдæдзинады Советон комитеты фыццаг секретарь, уый фæстæ – комитеты сæрдары хæдивæг.

Уыцы бынаты Дзасохты Алыксандр фæкуыста 1986 азы онг. Йæ куысты тыххæй йæ схорзæхджын кодтой Октябры революцийы, Фæллойы Сырх Тырысайы, Адæмты хæлардзинады ордентæ æмæ Афганистаны, Венгрийы, Вьетнамы паддзахадон хæрзиуджытæй. Истрион наукæты кандидаты ном Коммунистон партийы æхсæнадон наукæты академийы бахъахъхъæдта 1973 азы. Йæ темæ уыд «Ази æмæ Африкæйы адæмты æмвæнддзинады змæлд – империализмы ныхмæ тохы æхсæнадон-политикон мадзал».

Рауагъдад «Наука»-йы 1986 азы дунейы рухс федтой Дзасохты Алыксандры куыстытæ: «Ази æмæ Африкæйы адæмты æмвæнддзинад», «Колониалон закъонты тох империализмы ныхмæ», «Фæсколониты дунейы арæзтад æмæ эволюци», «Тохгæнджыты æмвæнддзинад». Уый фæстæ, 1986-1988 азты Дзасохты Алыксандр – Æххæстбарджын минæвар Сирийы, 1988-1990 азты уыд Коммунистон партийы цæгатирыстойнаг обкомы фыццаг секретарь.

1989 азы йæ равзæрстой Советон Цæдисы адæмон депутатæй, разамынд лæвæрдта дунеон хъуыддæгты комитетæн, 1990 азы партийы 28-æм съезды йæ равзæрстой Политбюройы уæнгæй, ссис Коммунистон партийы идеологийы фарстаты секретарь. Партийы архайд урæд куы æрцыд, уæд Дзасохты Алыксандр куыста фæсарæйнаг адæмты æмвæнддзинады алыхуызон комитетты.

Адæмты хæлардзинады уæрæсейаг университеты 1996 азы политикон наукæты докторы ном райсыны тыххæй бахъахъхъæдта диссертаци. 1997 азы апрелы Дзасохты Алыксандры равзæрстой РЦИ-Аланийы Президентæй. Райста хъæлæсты 75,68 проценты. 1998 азы ссис Федерацийы Советы уæнг. Дзасохы-фырт хорзæхджын æрцыд бирæ хицауадон æмæ паддзахадон хæрзиуджытæй.

**Евгений ПРИМАКОВ**

## Ме 'мбал Дзасохты Алыксандрæн

*Æрлæуу ма æмæ фехъусай –*
*Дæ алыварс ис цард,*
*Æрлæууæн ын нæй иу уысм дæр,*
*Æнæхуысгæ – йæ арт.*

*Æрлæуу ма æмæ фехъусай –*
*Дæ фарсмæ зары лæг,*
*Куыд амондджын уыд, уый тыххæй,*
*Куыд æм кодтой хæлæг.*

*Æнæ хъæртæ, ысхуыстытæй*
*Дæ цæстыл уайа дуг,*
*Æнæ цъаммар политикæ,*
*Кæм нæ дыл мысынц туг.*

*Мах уыдонæй нæ хъуырмæ стæм,*
*Нæ зæрдæ сæ фæцъæх,*
*Дзæвгар азтæ сыл батыдтам,*
*Ныр сын хæрзбонтæ зæгъ.*

*Æндæр уавæрты ацæрæм*
*Æнæ цæфтæ, цъæхтæй.*
*Æртонæм хъæды зокъотæ,*
*Уæм райгонд буц хæхтæй.*

*Ысулæфæм сæ уæлдæфæй*
*Нæ риуыдзагæй уым.*
*Æхсызгон уыдзæн хистæрæн,*
*Æрбайсæфдзæн æрхуым.*

*Йæ буц ныхæстæ зæрдæтæм*
*Уыдзысты цыма хид.*
*Хæлæрттæ, уарзты тыххæй уый*
*Зæгъдзæн сæрмагонд сидт.*

*Уыдзæни не 'мбал Уастырджи,*
*Нæ фысым – Алагир.*
*Дæ хæхтæ æмæ суадæттæ...*
*Кæндзæн ныл цинтæ Ир.*

*Фæстæмæ ма нæ ардыгæй*
*Куыд ахæсдзæн нæ къах?*
*Кæм нæй ызмæлæн адæмæй,*
*Хъæртæ кæм хъусæм мах,*

*Мыййаг ма уырдæм ку' аздæхæм,*
*Хуынкъ суари уæд – нæ аргъ...*
*Æви хъысмæт фæлвардзæни*
*Адзалы бонмæ мах?..*

**Уырыссаг æвзагæй**
**Музаферы тæлмац**

Хъуыдытæ

# Ирон литературон процесс?!.

**Ныртæккæ литературон процесс кæй хонынц, уымæн бынтон афтæ хонæн нæй. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ Уæрæсейы, Ирыстоны цыфæнды литературон уавæр дæр цардхъомыс исы цыдæр аивадон логикæйы фæрцы. Фæлæ, хъыгагæн, абон уыцы рæстдзинады уидæгты рухс аивадæй тынг дард у. Иуæй-иу хатт мæм афтæ дæр фæкæсы, цыма, рацарæзты райдайæны нæ чиныгуадзæнты куыст æмæ литературон цардæн разамынд чи лæвæрдта, уыдон сæ размæ хæс сæвæрдтой нæ аивадон сфæлдыстад чиныгкæсæгæй фæиппæрд кæнын æмæ йæ æрцу æмæ ма 'рцуйы фæндагыл арвитын.**

Æндæр куыд бамбарæн ис, абон нæм уыйбæрц мæнг чингуыты автортæ кæй фæзынд, уый. Уыимæ, сæ халæн куыст мынæг нæ кæны, фæлæ цыренæй-цырендæр. Æцæг сæм уый дæр фаг нæ кæсы, æмæ сæм хонынц фысджыты, сæхи æнкъарынц дзыллæйы монон сæрхъуызойтæ æмæ афтæ дарддæр. Æмæ ууыл дæр нæ фæвæййы сæ халæн куыст, ныр та домынц сæхицæн литературон премитæ; суанг Къостайы номæй дæр нал æфсæрмы кæнынц. Иу та дзы Фысджыты цæдисы разамонджытæй иуæн афтæ бакодта, Къоста дæр, дам, иу чиныг йеддæмæ нæ ныффыста. Ацу æмæ ма атъæпп у ахæм æнæсæрфат ныхæстæй.

Абон бирæтæ раст амонынц, чиныгкæсджыты нымæц кæй фæкъаддæр, уый. Æмæ ахæм уавæры дзыллæйы цымыдис кæй фæкъаддæр, уый бамбарæн ис: сæ бон нал у лæмæгъ чингуытæм кæсын, сæ зæрдæ сæ сцъæх ис. Фæлæ мæнг фысджыты уый нæ уромы æмæ нын æфсæстæй уайдзæф кæнынц: адæм, дам, адæмы хуызæн нал сты, чингуытæй, дам, сæ удхæссæг федтой. Æмæ адæмы цымыдис лæмæгъ фысджытæм кæцæй хъуамæ сæвзæра? Кæд æмæ нырыккон аивадон литературæйы æфсон чиныгкæсджыты сайынц хуымæтæджы «æхсæдæнтæй». Адæм хъаст кæнынæй бафæлладысты æмæ хъусæй лæууынц, быхсонæй æнхъæлмæ кæсынц сæрфат монон дуджы кæронмæ. Фæлæ сын кæд æрцæуддзæн рæстæг «Æгас цæуæд æцæг фыссæг!» ныхъхъæр кæнынмæ.

**Абон бирæтæ раст амонынц, чиныгкæсджыты нымæц кæй фæкъаддæр, уый. Æмæ ахæм уавæры дзыллæйы цымыдис кæй фæкъаддæр, уый бамбарæн ис: сæ бон нал у лæмæгъ чингуытæм кæсын, сæ зæрдæ сæ сцъæх ис. Фæлæ мæнг фысджыты уый нæ уромы æмæ нын æфсæстæй уайдзæф кæнынц: адæм, дам, адæмы хуызæн нал сты, чингуытæй, дам, сæ удхæссæг федтой. Æмæ адæмы цымыдис лæмæгъ фысджытæм кæцæй хъуамæ сæвзæра? Кæд æмæ нырыккон аивадон литературæйы æфсон чиныгкæсджыты сайынц хуымæтæджы «æхсæдæнтæй». Адæм хъаст кæнынæй бафæлладысты æмæ хъусæй лæууынц, быхсонæй æнхъæлмæ кæсынц сæрфат монон дуджы кæронмæ. Фæлæ сын кæд æрцæуддзæн рæстæг «Æгас цæуæд æцæг фыссæг» ныхъхъæр кæнынмæ.**

Бæгуыдæр, нæ чиныгкæсджытæ уый аккаг сты, æмæ сæм хæрзаудæны бæрæгбон фæхæстæгдæр уа. Æцæг нын æй аив тæбæгъы ничи æрбахæсдзæн, æмæ йыл уымæ гæсгæ æмзондæй, æмзæрдæйæ, æмуæхскæй бакусын хъæуы. Куыд гæнæн ис, афтæ тагъддæр рацаразын хъæуы нæ «литературон хæдзарад», цæмæй дзы хъæмпыхалæй дымст фысджытæн бынат мауал уа, уый тыххæй.

Цы ахæссын хъæуы нæ абоны литературæйы ахсджиагдæр фарстытæм? Цы хуызы ссарæн ис фæндаг хуыздæр сæ алыг кæнынмæ? Цы бакæнын хъæуы, цæмæй нæ дзырдаивад ног комулæфт райса, уый тыххæй? Нæ критикты иу хай амоны, зæгъгæ, фылдæр хъус дарын хъæуы нæ поэзийы цыбыр æмдзæвгæтæм, прозæйы къаннæг радзырдтæм (новеллæтæм), драмæйы – иуактон пьесæтæм. Уыимæ нын не 'ргом здахынц национ литературон традицитæм: цыбыр уацмыстæ, дам, уым егъау бынат ахсынц. Чи зоны, нæ иртасджытæ раст сты, уæлдайдæр та – чиныгкæсджытæ стыр уацмыстæ кæсынмæ зивæг кæнын куы райдыдтой, уæд. Нæ бæстæйы литературон процесмæ йæ хъус чи дары, уыдон, куы бахъæуа, уæд иу æмæ дыууæ дæнцæджы не 'рхæсдзысты æндæр литературæйы фæлтæрддзинадæй. Æз ма йæм бафтауинаг дæн иу хъуыды: уацмыс – цыбыр уа, кæнæ даргъ, уæддæр рох кæнын нæ хъæуы хæрзхъæддзинады фарст. Уымæй цух куы уа литературон уацмыс, уæд цæуыл ис дарддæр ныхас кæнæн?

Æнусы размæ иу куырыхон ахуыргонд ахæм хъуыды ныууагъта: «Уырыссаг литературæйы фидæн йæ ивгъуыды ис». Ацы ныхæстæ бынтон комкоммæ æмбарын нæ хъæуы, уымæн æмæ ныхас, фыццаджыдæр, литературон традицитыл цæуы. Ома, рох кæнын сæ кæй нæ хъæуы, ууыл. Литературон традициты хæрзхъæд уацмыстæ цы бынат ахсынц, уый тыххæй диссаджы хъуыды ныууагъта немыцаг поэт Виланд: «Æз æдзæрæг сакъадахыл иунæгæй куы цардаин, æмæ ма, кæй ныффыссон, уый кæд ничи бакæсдзæн, уый куы зыдтаин, уæддæр æвæлладæй куыстаин эпитет æмæ литературæйыл». Курдиатджын стихамайæг ма нын йæ ныхæсты не 'ргом здахы иу хъуыддагмæ: нæ хъуыдыкæнынады бæрзонд хæрзæгъдаудзинадмæ. Æмæ уымæй уыд иттæг раст. Зæгъæм, Ирыстоны азфыстæй Къоста, Арсен, Секъа, Елбыздыхъо æмæ Нигеры биографитæ куы айсай, уæд уый уыдзæн æндæр адæмыхатт. Абон мах, ирон адæм, нæ литературон процесмæ фаг хъус куы нæ дарæм, уæд уый дзыллæйы монон æгъдауæй сæфтмæ кæны. Адæймаг монон æгъдауæй афтид куы уа, уæд уымæн йæ мадæлон æвзаг æмæ адæмы номыл йæ къух сисын тынг æнцон у. Уымæн æмæ йæ миддунейы нал вæййы уромæг цæджындзтæ.

Абон аивадон текстæн аргъ кæнынц æндæр æууæлты фæрцы. Æхцайы фæрцы уагъд цæуынц лæмæгъ уацмыстæ стыр тиражтæй. Цас сæ хъæуынц адæмы æмæ сын цы пайда фæуыдзысты, уый æндæр фарст у. Чехов йæ фыстæджытæй иуы уыдис иттæг раст: «Уырыссаг литературæ фарстытæн дзуаппытæ нæ дæтты, уырыссаг литературæ сæ раст æвæры». Афтæ зæгъæн ис ирон классикон дзырдаивады тыххæй дæр. Кæд нырыккон мадæлон литературæйы бон бауа раст фарстытæ сæвæрын, уæд сæ мах та ссарæм æмæ сын раттæм дзыллон ахадындзинад. Нудæсæм æнусы уырыссаг литературæ цы фарстытæ сæвæрдта, уыдонæн сæ сæйрагдæр уыдис: «Цы кæнгæ у?», æвæрд та æппæты хуыздæр Чернышевскийы романы 'рцыд. Æмæ йын нырма, XXI æнусы, уырыссаг чиныгкæсæг дзуапп нæма радта.

Аивадон литературæ цы фарстытæ æвæры, уыдонæн афоныл дзуаппытæ агурынил куы нæ архайæм, уæд тынг тæссаг у, нæ адæмы сæйраг национ кад (уазнысан) куы фесафæм, уымæй. Уымæ гæсгæ нæ мадæлон литературæйы сæйраг хæс дæр хъуамæ суа, йæ мидисмæ гæсгæ «Цы кæнгæ у?»-мæ хæстæг чи лæууа, ахæм фарстытæ æвæрын. Фæлæ ма хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ йемæ сыхагиуæг кæны æндæр фарст дæр: «Цæмæн?». Уый та йæхæдæг у хицæн лыггæнинаг хабар. Мæнмæ гæсгæ, аивадон уацмысы уыцы фарстытæ кæрæдзи фарсмæ æвæрдæй куы нæ ссарæм, уæд йæ мидисамады цыдæр нæ фаг кæны. Фарстытæ æвæрд цы уацмысы не 'рцыд, уымæн йæ бон нæ бауыдзæнис чиныгкæсджытыл аудын æмæ æндавын. Фыссæгæн йæхи æххæст бамбарын йæ бон нæу, цалынмæ уый размæ «йæхи нæ ныффысса», уæдмæ. Æмæ уыцы дзуапп, æвæццæгæн, у æппæты сæйрагдæр æмæ вазыгджындæр алы кæсæг адæймагæн дæр. Уый тыххæй фыст æмæ мыхуыргонд цæуынц чингуытæ, боныгтæ, мысинæгтæ. Стæй ма мæм афтæ дæр кæсы, æмæ цыфæнды литературæ дæр хъуамæ хицæн кæна мырджын æмæ сурæтджын текстты æлвæстадæй. Афтæ куы нæ уа, уæд сæдæ азы фæстæ нæ дзыллæйы абоны цард нæ фæдонты цæстыл ницы хуызы ауайдзæн. Уыцы æцæгдзинад хъуамæ йæ зæрдыл дара алы æцæг ирон фыссæг дæр. Уымæн æмæ аивадон литературæ иу боны фæзынд нæу, фæлæ – æнусон! Уымæ гæсгæ алы автор дæр хъуамæ тырна йæ уацмысты мидисамады «æнусон æууæлтæ» фæлгъауын æмæ тауынмæ. Цæмæй, цы дуг, цы рæстæг, цы адæмы 'хсæн цардыстæм, уыдон дæр æнусон суой, уый тыххæй.

Кæй зæгъын æй хъæуы, абон раздæры хуызæн ирон литературæмæ фаг хъусдард нал ис. Бæрнон бынæтты чи кусы, Парламенты æмæ Хицауады культурæйы къабазæн дзуапп чи дæтты, уыдонæй арæх фехъусæн вæййы: «Фысджыты цæдис æхсæнадон организаци у, æмæ цавæр хъусдардыл дзурут?» Бафæрсын аипп ма уæд, фæлæ Советон Цæдисы æмæ Уæрæсейы дæр «Фысджыты цæдис» паддзахадон организаци кæд уыдис? Ирон литературон процессы алыварс цы лыггæнинаг фарстытæ ис, уыдон æвзæрынц, курдиатджын фысджытæн фаг аргъгонд кæй нæ цæуы, уымæй. Нæ адæмы нымæц милуанмæ дæр нæ хæццæ кæны, æмæ уымæ гæсгæ хъуамæ алы курдиатыл дæр узæлгæ кæнæм. Фæлæ, хъыгагæн, фыссæджы статус фадхъулæй дæлдæр кæй æрхаудта, уымæ гæсгæ йæм паддзахадон хъусдард нал ис. Нæ литературæйы «классикон» æмæ «нырыккон» минæвæрттæн æхсæнады мидæг уыдис стыр кад, нымад цыдысты æхсæнадон архайджытыл. Курдиат-иу куы фæзынд, уæд æм паддзахадон хъусдард уыдис. Афоныл-иу Фысджыты цæдисмæ ист æрцыд, уый тыххæй йын лæвæрд цыдис иу уат фылдæр; афоныл – куысты бынат дæр; афоныл-иу рацыдис адæмы рæнхъмæ дæр. Абон уавæр у ахæм, фидæны тыххæй мæ бон зæгъын ницы у, æмæ, мæнмæ гæсгæ, уый у лыггæнинаг фарсты сæйраг аххосаг. Æцæг ма нæ амонд уый мидæг ис, æмæ нæ литературон процесс бынтон нæма сæвдæлон курдиатджын адæмæй. Рацарæзты дæсазонты йæ амидингæнджытæ тынг бацархайдтой, цæмæй нæм фыссæг мауал уа, уый тыххæй. Фæлæ ма нæм чидæртæ баззад æмæ фæсивæдæй æрбацыд. Æмæ уыдон цæмæй цардхъомысы тых бауадзой нæ литературон процессы, уый тыххæй сын хъæуы алывæрсыг хуызы æххуыс кæнын.

**ХОЗИТЫ Барис,**
**Фысджыты цæдисы сæрдары хæстæ æххæстгæнæг**

**Спортивон фидиуæг**



**Уæззау атлетикæ**

# Сæхи равдыстой сæрæнæй

**Дæс боны дæргъы, 20-30 мартъийы, горæт Оренбурджы уæззау атлетикæйæ цыдысты Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ æрыгæтты 'хсæн.**

Сæ кармæ гæсгæ чызджытæ æмæ лæппутæ дихгонд уыдысты дыууæ къордыл. Сæ иуы ерыс кодтой 13-15-аздзыд, сæ иннæйы та – 16-17-аздзыд спортсментæ. Æдæппæтæй сæ хъару æмæ арæхстдзинад æвдыстой фондзсæдæйæ фылдæр æрыгон штангисты.

Ирыстоны номæй Оренбурджы архайдтой авд чызджы æмæ æхсæз лæппуйы. Нæ фæсивæд, уæлдайдæр та чызджытæ, сæхи равдыстой сæрæнæй.

Кæстæр кары нæ чызджытæн бантыст, штангæ дыууæ хуызы исгæйæ, цыппар хæрзиуæджы рамбулын. Уыдонæй дыууæ сты сыгъзæрин, фæйнæ иуы та – æвзист æмæ бронзæ майдантæ.

45 кг онг уæзы **Æлборты Вадимы** хъомылгæнинаг **Анастасия Черемных** дыууæ хуызы систа 135 кг (61+74) æмæ бацахста 1-аг бынат. Йе 'мбалы бафæзмыдта **Гаситы Элеонорæ** дæр (йæ тренер **Гаситы Руслан**).

64 кг онг уæзы Элеонорæ дывæрæй систа 160 кг (70+80) æмæ рамбылдта сыгъзæрин майдан.

Хорз рауад нæ иннæ дыууæ чызджы архайд дæр, 76 кг онг уæзы ерыс кæнгæйæ. **Гуыцмæзты Мария** (йæ тренер **Бидеты Алан**) дывæрæй систа 145 кг (64+81) æмæ рацыд 2-аг бынатмæ. **Дзукъаты Анжеликæ** (йæ тренер Козаты Сослан) дыууæ хуызы систа 140 кг (63+77) æмæ бацахста 3-аг бынат. Командæты 'хсæн Ирыстоны чызджытæ бæрæггæнæнтæ уыдысты раппæлинаг.

Зæгъæм, 102 кг онг уæзы **Томайты Тамерлан** уыцы иу истæй йæ уæзы равдыста æппæты хуыздæр бæрæггæнæн – 130 кг. Дыууæ хуызы исгæйæ, джындæр рауадысты чызджытæ. Нæ лæппутæн сæ фылдæр кæд хæрзиуджытæ нæ рамбылдтой, уæддæр сæ уæзты уыдысты, 4-6-æм бынæттæ чи бацахста, уыдоны 'хсæн. Уый та дзурæг у, ацы кары уæвгæйæ, суинаг спортсментæ кæй сты, ууыл. Мах арфæ кæнæм сæ тренертæ æмæ ныййарджытæн.




Стыр бузныг зæгъæм нæ республикæйы Физикон культурæ æмæ спорты министрад æмæ Спортивон-цæттæгæнæн центры кусджытæн, ерыстæм ацæуынæн нын цы 'ххуыс бакодтой, уый тыххæй. Ныр нæхи цæттæ кæндзыстæм ног ерыстæм. Уыдон уыдзысты Цæгат Кавказы федералон зылды чемпионат æмæ скъоладзауты æппæтуæрæсеон спартакиадæ. Тырндзыстæм, уыцы дыууæ ахсджиаг ерысты раззагдæртимæ уæвынмæ».

16-17-аздзыд спортсменты ерысты сæрæн архайд кодтой – **Тобойты Аннæ, Гаджиты Баграт, Владимир Стебловский, Багаты Георги, Томайты Тамерлан** æмæ сæ кæд хæрзиуæг рамбулын æрмæстдæр Гаджиты Багратæн бантыст (йæ тренер **Цагъаты Юри)**, уæддæр сæ равдыстрацыдысты 3-аг бынатмæ. Гаджиты Баграт равдыста 291 кг (133+158) æмæ 96 кг онг уæзы рацыд 2-аг бынатмæ.

Нæ республикæйы уæззау атлетикæйы иугонд командæйы сæйраг тренер **Дзбойты Петр** спортсменты архайды тыххæй загъта: «Нæ чызджытæ æмæ лæппутæ сæхи равдыстой хорзæй. Уæлдай æнтыстджындæр рауадысты чызджытæ. ... Оренбурджы нæ фæсивæдимæ уыдысты нæ тренертæ: Бидеты Алан, Гаситы Руслан, Цагъаты Юри æмæ Æлборты Вадим. Уыдоны разамындæй нæ фæсивæд алцыдæр скодтой æгъдауыл æмæ равдыстой хорз бæрæггæнæнтæ.

Бантысæд уын!!!

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

**Премьерæйы агъоммæ**

# Оперæ æмæ балеты театры сценæйыл – «Федора»

**Мариинаг театры дзæуджыхъæуккаг филиалы 5 æмæ 6 апрелы уыдзæн зындгонд италиаг композитор Умберто ДЖОРДАНОЙЫ оперæ «Федора»-йы премьерæ.**

Уыцы дыууæ изæры ирыстойнаг аивадуарзджыты тæрхонмæ Оперæ æмæ балеты театры сфæлдыстадон къорд рахæсдзæн Умберто Джорданойы зæрдæагайгæ музыкæйæ фæлыст уарзондзинад æмæ фыдæхы уацау. Æмæ, кæд оперæ «Федора» XIX æнусы кæрон фыст æрцыд, уæддæр, æнæмæнг, йæ сюжет цымыдисаг уыдзæн не 'мдугонтæн дæр. Уæд, бæлвырддæр та 1898 азы Миланы «Театро лирико»-йы сценæйыл уыд «Федора»-йы премьерæ. Уыцы спектаклы сæйраг партитæ уæд акодтой стыр артисттæ **Энрико Карузо** æмæ **Джеммæ Беллинчони.** Уæдæй фæстæмæ Европæ æмæ дунейы бирæ театртæ рæстæгæй-рæстæгмæ раздæхынц ацы спектаклмæ.



Уыимæ, уæрæсейаг театрты репертуары ацы спектакль ныртæккæ, зæгъæн ис, æмæ нæй. Уыцы аипдзинад аиуварс кæныныл бакуыста Оперæ æмæ балеты театры сфæлдыстадон къорд йæ аивадон разамонæг **Гергиты Ларисæйы** хъæппæрисæй. Спектаклы сæйраг партийы азардзысты театры солисткæтæ **Багаты Зæринæ** æмæ **Анастасия Ивакина**. Оперæйы иннæ фæлгонцтæ бакодтой Бетъырбухы Мариинаг театры æрыгон оперон зарæггæнджыты академийы солисттæ æмæ театры дзæуджыхъæуккаг филиалы артистты бæрны. Сæрмагондæй зæгъын хъæуы, оперæ италиаг æвзагыл æвдыст кæй цæудзæн, уый.

Спектаклæн йæ режиссер-æвæрæг у Уæрæсейы адæмон артисткæ Гергиты Ларисæ йæхæдæг, нывгæнæг æмæ сценограф та – РЦИ-Аланийы сгуыхт нывгæнæг **Черчесты Нинæ**.

«Нæ театры сфæлдыстадон къорды размæ ахсджиаг хæс лæууыд, уымæн æмæ ахæм арф æмæ зын музыкалон æрмæг зæрдæйæ банкъарын æмæ аивадуарзджыты рæгъмæ рахæссын бантысдзæн æрмæстдæр профессион æгъдауæй æнаипп, бæрзонд дæсныдзинадæй хайджын зарæггæнджытæн. Умберто Джорданойы «Федора» уæрæсейаг театрты сценæйыл арæх æвæрд нæ цæуы. Æрмæстдæр æм цалдæр азы размæ раздæхт Мариинаг театр (уым дæр оперæ æвдыст æрцыд концерты фæткмæ гæсгæ). Уыцы æууæл махæй домдта ноджы бæрнондæр архайд, спектаклыл кусгæйæ. Нæ куыст цас фæрæстмæ, уымæн та хæстæгдæр бонты аргъгæнæг уыдзысты нæ театры хæлæрттæ æмæ горæты уазджытæ», – премьерæйы агъоммæ йæ хъуыдытæ раргом кодта Гергиты Ларисæ.

**КАЛМАНТЫ Аслан**

**Хъæлдзæг радзырдтæ**

## Хъаматимæ кафт

*Концерты иу лæг хъаматимæ кафыд. Таби Гермæнмæ дзуры:*

*– Уæртæ-ма кæс! Уымæй ма зæххыл кафагдæр уа!*

*– Æниу, Бабамæ уал хъамайы куы уаид! Иу хъамаимæ дæр уый хуызæн кафы, – зæгъы Гермæн.*

## Тæхуды

*Иу сылгоймаг-артист радиойæ зарыд. Нана йæм бахæлæг кодта:*

*– Тæхуды, уымæй ма фест! Йæ зæрдæ зарын кæмæн агуры.*

*– Тобæ, Нана! Уымæй мæрдты стæг дæр нал и... Ды та нырма цардæгас дæ, – зæгъы йын Зæлинæ.*

## Ног азы æхсæв

*Сывæллæттæ хæдзаронтæ кæнгæ æрбафсæрстой иу хæдзармæ:*

*– Нырма нæм ныртæккæ куы уыдыстут!... – худы сыл лæг.*

*– «Уæ ус тыр ныййара», – зæгъын нæ ферох... æмæ райдыдтой уыцы иу ныхас зарын...*

*– Бабайы хуртæ акæнат! – фæхъæбыстæ сын кодта лæг. Æфсин та сын фылдæр басылыкъухтæ радта...*

## Уайдзæф

*– Дохтыр мын ме 'взаг æвдисын кодта. Фæлæ æз нæ бакуымдтон, – æппæлыди мадæн Зæлинæ.*

*– Ау, уый та куыд?*

*– Уайдзæф мын куы фæкæныс, де 'взаг макæмæ æвдис, зæгъгæ.*

## Чъынды фыд

*Саукæйæн йæ хынцинæгтæ амыдта фыд:*

*– Гъеныр, зæгъæм: дæхимæ авд сомы ис... Æздæр ма дын æхсæз сомы радтон. Цал сомы дæм уыдзæн?*

*– Авд.*

*– Æмæ ма дын æз дæр æхсæз нæ ратдзынæн...*

*– Æмæ та мын сæ фæстæмæ байсдзынæ...*

## Ма амæл, Нана!

*Мад-иу сæгъæй кружкæйы æхсыр æрдыгъта. Æмæиу æй иу бон Бутусæн радта, иннæ бон – Сауæн. Иу изæр мад ныффæллади æмæ зæгъы:*

*– Тæхуды, æмæ чи амæлы!*

*– Ма амæл, Нана! Райсом ме 'хсыр дæттыны рад у, – бакатай кодта Бутус.*

## Риссаг къух

*Зæлинæйæн дохтыр йæ цонгыл укол кодта æмæ йæ сабыртæ кæны:*

*– Мæ къух риссаг нæу! Бафæраз-ма! Æппындæр нæ рисы мæ къух...*

*– Дæ къух нæ рисы... Фæлæ мæ къух риссы, мæ къух, – ныхъхъæрзыдта Зæлинæ.*

**ХЪАУЫРАТЫ Дауыр**

**Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ**

# Æгъдау æмæ фарнæй – фæзминаг

**Æрæджы газеты фæрстыл цы 'рмæджытæ бакастæн, уыдоны тыххæй мæ фæнды мæ хъуыдытæ зæгъын. Абайты Эдуард фыссы йе 'рмæг «Уд æмæ зонды сыгъдæг суадон»-ы йæ сагъæстæ.**

Йæхи ирон чи хоны, уыдонæн йæ фиппаинæгтæ ахсджиаг сты. Райсæм ма фæстаг абзац: «Æрвылбоны кæрдзыны хуызæн у нæ фарны артдзæст «Рæстдзинад». Эдуард, дæ цæрæнбон бирæ уæд, афтæ у, фæлæ йæ Ирыстоны бирæ ирæттæ не 'мбарынц. Райсæм ма йæ тираж, уый æвдисæн у ныры уавæрæн. Турчы цæрæг ирæттæ дæр ма йыл аудынц, уæд мах цавæр пец æрцахста...

Иннæ 'рмæг «Цæмæй ма уыдзыстæм аланты фæдонтæ?» ныффыста Бардзинты Мысост. Ахъуыдыйы аккаг у. Ис дзы, нæ рагфыдæлтæ зиан æмæ цины æгъдæуттæ куыд æххæст кодтой, ныр дæр сæ куыд кæнæм, уыдæттæ. Советон дуджы партион разамынд ивгъуыдимæ стыр тохы куыд бацыд, уый дæр æвдыст æрцыд. Хуыцаумæ кувын, фыдæлты фарныл хæцын, цин æмæ марды æгъдæуттæ, куыд æмбæлы, афтæ æххæст кæнын нымад уыд æвзæр мийыл.

Æрхæсдзынæн ахæм цæвиттон. Нæ хъæуккаг, Хъуысаты лæппуйыл, уынджы æваст арвы цæхæр сæмбæлд æмæ бацарæфтыд... Куыд æмбæлы, афтæ марды кæнд æххæст кодтой сыхбæстæ. Мæнмæ фæдзырдтой районмæ æмæ мæ куыйты хæринаг бакодтой, ды, дам, цавæр коммунист дæ, хъæуы хицауæн нæ бæззыс, дæ куыстæй уæгъд æрцæудзынæ. Ома, марды кæнд сæм цыдæр æнахуыр фæкаст, цы 'гъдау баззад, уый та – талынг.

Цин æмæ зианы тыххæй газет «Рæстдзинад» арæх фыссы, уый нæ уарзон, нæ фарны артдзæст у. мæлæтмæ æнхъæлмæ нæ кастысты, зианджыны хæдзары арт дæр нæ кодтой...

Ныртæккæ зианы кæндтæ рестораныæм раивтой. Фæлтæр фæлтæры ивы, цины, марды æгъдæутты фæзынд ивддзинæдтæ дæр. Уæртæ бесланыхъæуккаг Мæрзаты Сталин фæнд бахаста, цæмæй зианы лæууа æгъдæутты тыххæй дæр дзы фыст æрцыд. Уæд нæ рæдидзыстæм.

«Рæстдзинад» у нæ адæмы уарзон газет, хъуамæ йын алы ирон хæдзары дæр уа сæрмагонд бынат. Уæд зонгæ уыдзыстæм æппæт цаутимæ, нæ царды ахсджиагдæр фарстатимæ, æппæт фиппаинæгтимæ. Нæ бон сæ уыдзæн хуыздæрырдæм,




Царды цалхæн йæ зилдух бауромæн нæй, йемæ хæссы ивддзинæдтæ. Бардзинты Мысост цы ивддзинæдты кой кæны, уыдон ахъуыдыйы аккаг сты. Нæ рагфыдæлтæ хæрнæджы фынгыл æвæрдтой æрмæст цæхх, кæрдзын æмæ фыдызгъæл. Адæймаджы æххуырст лæг æмæ кæса адæмы уæлæдарæсмæ, фæлæ ацы хъуыдыйы фарс ничи рахæцыд. Мæн та фæнды, цæмæй æмхуызонæй хæцæм, «Иры Стыр Ныхас» йæ 6-æм съезды цы бæрæгуат сфидар кодта, ууыл. Ома, æппæт арфæйагдæр хуызмæ ивын. Иннæ адæмтимæ абаргæйæ, ирæттæ сты æнгом, не 'гъдау æмæ фарнæй фæзминаг.

**БОГАЗТЫ Арсæмæг,**
**Ирыстоны кадджын ветеран**

**РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ**

**Профессион æгъдауæй бæлæстæм базилдзыстæм æмæ, цалынмæ къуыбар нæ рафтыдтой, уæдмæ сæ хъæугæ хосæй бапырх кæндзыстæм. Бадзурæн ис ахæм телефонтæй: 8-928-856-90-89, 8-928-856-90-83 (Руслан).**

**Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. Тел.: 8-989-037-18-04.**

**Ремонт стиральных машин и холодильников. Тел.: 8-988-835-55-50 (Азамат); 8-963-377-80-00 (Борис).**

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

Номыры радхæссæг редактор — **Дедегкаты Зæлинæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33**. Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89**. Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19**. Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92**. Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31**. Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54**. Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03**. Корректортæ — **25-93-36**, компьютерон цех — **25-93-97**.

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуыron рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстонполиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуыron сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3242.
Заказ № 340.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**